

DEZIYEN YON AJAN SWEN SANTE

Appointment of Healthcare Agent

Mwen, _____, deziyen moun (yo) ki anba a kòm Ajan Swen sante mwen.

Pandan mwen kapab pran yon desizyon ki reflechi, mwen pral pran pwòp desizyon mwen sou swen sante mwen. Si sa rive ke mwen ta vin enkapab pou mwen pran yon desizyon ki reflechi, mwen deziyen moun sa a (yo) ki anba a kòm Ajan Swen sante mwen.

Non Ajan prensipal la _____

Adrès _____

Telefòn _____ Telefòn Selilè _____

Si premye ajan mwen an pa disponib oswa si li pa kapab oswa si li pa vle pran wòl pou li aji kòm ajan mwen, lè sa a mwen deziyen moun ki endike anba la a pou sèvi nan konpetans sa a:

Non Ajan segondè a _____

Adrès _____

Telefòn _____ Telefòn Selilè _____

Ajan mwen an dwe swiv dezi mwen ak sa mwen prefere yo. Ajan mwen an dwe kite se enfòmasyon doktè mwen yo ba li ki pou gide li, tankou doulè, risk ak efè segondè anvayisan yo ki lye avèk tretman an oswa menm si mwen p ap fè tretman. Ajan mwen an dwe pran desizyon ki ale nan sans kwayans relijyez mwen oswa valè debaz mwen yo. Si ajan mwen an pa ka detèmine ki chwa swen sante mwen t ap fè, kidonk, ajan mwen an dwe pran yon desizyon ki chita sou sa ajan mwen an kwè ki ap nan pi bon enterè mwen.

Otorite Ajan Swen sante mwen an genyen

(Tanpri li ak atansyon epi pase yon kwa sou nenpòt langaj ke ou pa vle.) Ajoute nenpòt langaj ou vle

Mwen vle pou ajan mwen an kapab fè sa ki anba yo:

- A. Pou bay konsantman oswa refize oswa anile konsantman pou nenpòt kalite swen sante tankou, men pa sèlman, respirasyon atifisyèl, manje ak idratasyon yo ban mwen sou fòm atifisyèl, ak reanimasyon kadyo-pilmonè. Otorizasyon sa a sitou gen ladan pouvwa pou bay konsantman pou administrasyon dòz medikaman pou soulaje doulè ki depase dòz ki rekòmande nan yon kantite ki ase pou soulaje doulè a, menmsi medikaman an gen risk akoutimans oswa risk pou fè mwen mouri pi vit san se pa espere yo fè.
- B. Pou mande, resevwa ak revize nenpòt enfòmasyon konsènan swen fizik ak mantal mwen ak pou bay konsantman pou divilge enfòmasyon sa yo.
- C. Pou anplwaye ak ranvwaye founisè swen sante mwen yo
- D. Pou otorize admisyon oswa egzeyat mwen nan nenpòt sant swen medikal
- E. Pou otorize admisyon mwen nan yon sant swen sante pou tretman maladi mantal ki pa depase 10 jou pouvi ke mwen pa konteste admisyon an
- F. Pou kontinye sèvi kòm ajan mwen menmsi mwen vin pa kapab pran yon desizyon reflechi, epi apresya mwen konteste otorizasyon li
- G. Pou otorize patisipasyon mwen nan rechèch sou swen sante ki ta ka nan avantaj mwen



- H. Pou otorize patisipasyon mwen nan rechèch swen sante pou ankouraje byennèt imen, menmsi li pa ta nan avantaj mwen
- I. Pou pa kite moun ki endike anba la a vizite mwen pandan mwen nan yon sant swen sante: _____ (Si pati sa rete vid, sa vle di mwen pa vle pou yo anpeche okenn vizitè.)
- J. Pou bay tout oswa yon pati nan kò mwen pou fè grèf, terapi, rechèch oswa edikasyon.

Ajan mwen an pa dwe responsab depans swen sante mwen tou senpman paske li te deziyen kòm ajan mwen nan dokiman sa.

Otorite anplis ajan mwen an genyen, si genyen: _____

OCHWA: OTORITE AJAN MWEN AN GENYEN SOU KONTESTASYON MWEN

Si ou pa swete itilize pati sa, mete yon kwa sou li epi siyen mitan kote "X" la ye a.

Ajan Swen Sante mwen ka bay otorizasyon pou admisyon mwen nan yon sant swen sante pou tretman maladi mantal pou kantite tan ki pa depase 10 jou, menmsi mwen konteste sa.

Li obligatwa pou yon doktè siyen anba a SÈLMAN si pati sa itilize:

Konfimasyon Doktè: Mwen konfime _____ kapab pran yon desizyon reflechi, epi li konprann konsekans dispozisyon sa yo.

Siyati Doktè a: _____ Dat: _____

Non doktè a (an lèt detache) _____ Telefòn Biwo: _____

Siyati Mwen: _____ Dat: _____

Li obligatwa pou gen de (2) granmoun kòm temwen. Li pa nesèsè pou fè notarye dokiman an. Temwen ki anba a sètifye ke dokiman sa te siyen devan yo.

Temwen #1 _____ Dat: _____

Non temwen an (an lèt detache) _____

Temwen #2 _____ Dat: _____

Non temwen an (an lèt detache) _____

Bay opinyon w sou desizyon swen sante yo ak Ajan Swen sante yo epi ba yo yon kopi dokiman sa. Si ou fè chanjman oswa ranpli yon Direktiv Alavans konplè nan yon dat ki an apre, ou mèt detwi dokiman orijinal sa ak tout kopi ou te bay epi bay nouvo dokiman an bay Ajan Swen sante ou yo, doktè yo ak manm fanmi ou.

